




IGICE CA 1

INTANGO
YIBINTU




A man with glasses and a beard, wearing a dark suit and tie, is seated in a large, ornate chair. He is holding an open book and appears to be reading. The setting is a library or study, with bookshelves filled with books visible in the background. The lighting is warm, suggesting a window with curtains. The overall style is that of a comic book illustration.

IYI NKURU YAVUZWE MU
GITABO CA KERA HARAHEZE IMYAKA
IBIHUMBI N'IBIHUMBI. IJAMBO RYOSE
NZA KUBABWIRA NIRY'UKURI. ARIKO
BIMWE BIMWE BIRAZA KUBAGORA
KWIZERA.


ARIKO UKURI
KWAMA KUGOYE
KWAKIRA KURUSHA
IGISA N'UKURI.



MU NTANGO IMBERE Y'UKO
UMUNTU AREMWA, ISI, IZUBA,
INYENYERI, N'IMBERE Y'UKO UMUCO
N'IBIHE BIBAHO HARIHO IMANA.



IMANA RERO ICA
IKENERA GUSANGIRA
UBUZIMA BWAYO. ICA
IRONDERA ABAGENZI
N'ABABANYI.



YONYENE YARI IRIHO
IMBERE YA VYOSE ARIKO NTIYARI
YONYENE. NK'IYIHORAHO, YARIHO
MU BURYO BUTATU. UBURYO BUMWE
BUNGANA N'UBUNDI KANDI BUHORAHO,
MURI KAMEREMERE, MU BUSHOBOZI,
MU BIKORWA NO MU BUGOMBE.
IMANA RERO YARASABANA NAYO
KANDI IKABIKORA MU RUKUNDO.



BIBIRIYA ITUBWIRA KO IMANA
YAREMYE ABAMARAYIKA
BATANDUKANYE KUGIRA
BAYIHIMBAZE, ARIKO UMWE
YITWA LUSIFERI YARAGUMUTSE.
IMANA ICA IRAMWIRUKANA
MW'IJURU, IZINA RYA LUSIFERI
RICA RIRAHINDUKA RIBA SATANI.



ARIKO IYI NKURU
S'INKURU YABO.

IYI NKURU N'INKURU Y'IMANA
IKORANA N'UMUNTU.

YESAYA 45:18 RABA KU RUPAPURO 322 URABE INSIGURO YIMBITSE
KU GITABO BITA BIBIRIYA.


KU VYIMBITSE BIJANYE NA SATANI, RABA YESAYA 14:12-14,
EZEKIYERI 28:13-19 MATAYO 25:41, LUKA 10:18, IVYAHISHURIWE
YOHANA 12:4, 20:2

MU NTANGO, IMANA
YAREMYE IJURU N'ISI.
ISI YARI IBUZIBA YARI
UBUSA HAMA UMUREMYI
YATAMBATAMBA
HEJURU Y'AMAZI.



BUNO NYENE, IMANA
ICA IBWIRA LIMWIZA...

NI HABEHO LIMICO ...





NTIVYABAYE
NKUKO ABUBU
BAVYIBAZA. IMANA
NTIYAKORESHEJE
IVYO GUHINDUKA
LIVA MURI IKI UJA
MURI KIRIYA.
YAREMYE VYOSE
MU KWATURA
BIBHO HAMA
BIGACA BIBAHO.
MU MISI ITANDATU
GUSA, IMANA YARI
IMAZE KUREMA
IBITERWA, N'IBIKOKO
KUGIRA BIBE MW'ISI.

UGERERANIJE NK'IMBERE Y'IMYAKA 4004 IMBERE YA KRISTO.
-ITANGURIRO 1:2-3



KU MUSI WA GATANDATU,
UMURWANIZI ARABA,
IMANA ICA IREMA
ICAREMWE GISHASHA
IGIKUYE MU MUKUNGUGU.



IMANA ICA IHUMEKA IMPWEMU
YAYO KURI ICO KIBUMBANO,
HAMA UMUNTU ACA ABA
MUZIMA. AREMWA MW'ISHUSHO
Y'IMANA ARUTA IBIKOKO.

IMANA ICA YITA ICO
CAREMWE GISHASHA
C'UMUGABO ICITA ADAMU.



ITANGURIRO 1:31, 2:7




IMANA IRABA
IVYO YAREMYE
VYOSE IRAVUGA ITI:
NI VYIZA CANE.

IMISI YOSE IMANA
YARAVUGANA NA ADAMU
UBUZIMA BWARI BWIZA
CANE. IMANA IMUZANIRA
IBIKOKO VYOSE KUGIRA ABIHE
AMAZINA. UKO VYAMUCA
IMBERE, ADAMU ABONA KO
ADAFISE UMUFASHA NKAVYO.



HAMA
IMANA
IRAVUGA...

**NZOREMA
LWUNDI MUNTU
AFASHA
ADAMU.**



IMANA ISINZIRIZA ADAMU UMWANYA
MUREMURE HAMA ICA ITORA IGLIFA
MU RUBAVU RWIWE. MURI IRYO
GLIFA, IMANA ICA IREMAMWO
UMUGORE MWIZA KUGIRA ABE
UMUFASHA MWIZA WA ADAMU.

IMANA ICA IVYURA ADAMU ICA
IMUZANIRA WA MUGORE. IMUBWIRA
BAVYARE ABANA, BUZURE ISI,
HAMA ADAMU ACA AMWITA EVA.

NI RIMWE
MU MAGUFA
YANJE, N'UMWE
MU MUBIRI
WANJE.

SATANI,
LUMBI,
YARIKO
ARABIRABA.

BARI GLISA NK'ABANA,
ARIKO NTAVYO BARI BAZI.


**BARI BANEZEREW
MW'ITONGO. NTA CAHA,
NTA NZARA, NTIHASHUHA
KANDI NTIHAKANYA.**

**IMANA IBABWIRA
KUBIJANYE
N'IBITI. IVUGA...**


**MURASHOBORA
KURYA KU BITI VYOSE
BIRI MW'ITONGO,
ARIKO KIRIYA KIRI
HAGATI MW'ITONGO
NTIMUZOKIRYEKO KUKO
UMUSI MWAKIRIYEKO
MUZOCA MUPFA.**

**ITANGURIRO 1:28,
2:2, 16-22, 25**

SATANI YARANKA IMANA HAMA
ICA ISHAKA GUSAMBURA IVYO
IMANA YARIKO IRAKORA, IRONDERA
UBURYO BWO KUVUGANA NA EVA,
YINJIRA MU MUBIRI WIWE, IVUGA
IKORESHEJE AKANWA KIWE.




BURYA IMANA
YARABABWIYE KO
MUTORYA KU BITI
VYOSE VYO MURI IRI
TONGO?




YAVUZE KO
TWORYA KU BITI
VYOSE URETSE
KINO, NGO UMUSI
TWAGIKOZEKO
TUZOCA DUPFA.

HA!
NTIMUZOPFA,
MUZOMERA
NK'IMANA
UMUSI MWAKIRIYE.
MUZOKUGURUKA
AMASO MUMERE
NKUKU TURI,
MUMENYE IBINTU
VYOSE VYEREKEYE
ICIZA N'IKIBI.



KIRABEREYE
KURABA KANDI GISA
NICORYOHA UMUNTU
AKIRIYE. VYOMBERA VYIZA
NDAKIRIYE, ARIKO IMANA
YARAVYANSE.

EVA NTIYARI AZI
ICIZA N'IKIBI.



EVA NTIYUMVIRA
IMANA ACA ARYA
ICAMWA.

HAHEZE AKANYA,
EVA ABONA KO
YAHENZWE. AMENYA
ICIZA N'IKIBI ARIKO
IKIBI KIRAMUGANZA.

EVA ARAGITORA
AGISHIRA UMUGABO
WIWE AMUBWIRA
NGO ARYE.



RABA,
SINAPFUYE,
IRYA NAWA KIRAZA
GUTUMA UGIRA
LIBWENGE
NAWE.

ITANGURIRO 3:1-6;
IVYAHISHURIWE YOHANA 20:2

BUGURUKA
AMASO
BATERWA ISONI
N'UBWAMBURE
BWABO.

HA,
HA, HA! ARABICA LIBU!
RABA IVYO YANKOREYE.





TWAKOZE
IKI?


NTITWUMVIYE
IMANA. VUBA
CANE IRAHAVA IZA.
TUNYEGEZE UBU
BWAMBURE.



**ADAMU,
URI HEHE?**

**NUMVISE
IJWI RYAWA,
HAMA
NDATINYA
KUKO NDI
GLUSA.**

**NI NDE
YAKUBWIYE
KO URI
GLUSA? LIBWO
NTIWARETSE
KWUMVIRA
UKARYA KURI
CA CAMWA
NAKUBUZA?**



LUMIGORE
WAMPAYE NIWE
YATUMYE
MBIKORA.

ITANGURIRO
3:6-12



SIIIII...

INZOKA
YAMPENZE, YAMBWIYE
NGO SINZOPFA, NGO NZOMERA
NKA WEWE, ARIKO SIKO BIRI,
NDABABAYE.

IMANA ICA
IVUMA INZOKA ICA
IRAYIBWIRA...



KO WAKOZE
IBI, UGIYE
KUZA URAGENDA
UNYOGOMBA,
UGENDESHA INDA,
UMUKUNGLU
UKUJE MU
KANWA.



LURLVYARO
RWAVE N'URW'UMUGORE
MUZOKWANKANA. LURLVYARO
RWAVE RUZOGENDERA
MUSI Y'IBIRENGE VY'UYU
MUGORE HANYUMA NAWA
AZOKUMENA UMUTWE.

NGIRI ISEZERANO
RY'URLUGAMBA
RUZOZA.

HAZOGERA IGIHE
AHO URLUVYARO
RW'UMLIGORE
RUZONESHA
SATANI.

UYO MUNTU
AZOCUNGURA
UMUNTU
AMUGARUKANE
KU MANA,
AMUBOHORE,
AMUKUREKO
UMUVUMO
W'ICAHA HAMWE
N'URLUPFU.



IMANA YARI GUSHOBORA KUZIMANGANYA
LUSIFERI N'ABAMARAYIKA BIWE MU KANYA
GATO, ARIKO YAMURETSE ABEHO KUGIRA
ABANA B'ABANTU BAPIMWE. MBEGA
ABANTU BAZOKURIKIRA IMANA CANKE
BAZUMVIRA SATANI, BAGARARIZE?

ITANGURIRO 3:13-15



IMANA IVUMA
UMUNTU IMUBWIRA...

**ADAMU, KO
WUMVIYE UMLIGORE
NTIWANYUMVIRA, NZOVUMA
IYI SI YAME AMAHWA
N'IMIKERE BIRUTE IMBOGA,
KANDI BIZOGUSABA GUKORA
CANE KUGIRA UTUME ISI YIMBUKA
LIBONE GUKURAMWO IVYO URYA.
UKIRIHO UZOBABARA, URYE
LIBANJE KUBIRA AKUYA MU
MASO, GUSHIKA UPFLYE
UGASUBIRA MU MUKUNGUGU
NAKUREMYEMWO.**

HARI HAGEZE IGIHE CUKO
ADAMU NA EVA BAPFA
NKUKO IMANA YABIVUZE.
ARIKO HAKUBICA, IMANA ICA
YICA IBIKOKO MU KIBANZA
CABO, ICA IFATA INSATO ZA
VYA BIKOKO IZIKORAMWO
IMPUZU ZA ADAMU NA EVA.





NTIYATWISHE!
TURACARI BAZIMA!

HAKUTWICA YISHE
IBIKOKO!

ADAMU NA EVA NTIBACIYE BAPFA
UYO MUSI KUKO IBIKOKO ATACO
BIZIRA VYACIYE BIPFA MU KIBANZA
CABO. ARIKO, BACIYE BAGIRIZWA
URUBANZA RWO GUPFA, BISIGURA
KO UMUSI KANAKA NABO BAZOPFA.
URUPFU N'INGARUKA Y'ICAH.

KUVA AHO ADAMU NA EVA
BACIKIYE ABANYAVYAHA, IMANA
YACIYE IBAKURA MURI RYA TONGO
RYIZA, KUGIRA NGO NTIBAHAVE
BARYA KU GITI C'UBUGINGO
NGO BABEHO IBIHE BIDASHIRA
BAFISE KAMEREMERE Y'ICAHA.





IMANA ICA ISHIRA KU RUGI
RW'ITONGO UMUMARAYIKA
YITWA UMUKERUBI KUGIRA
ARINDE IGITI C'UBUGINGO
NTIHAGIRE UWUCEGERA.
ITONGO RIRASAMBURWA
N'IGITI GIKURWAHO MW'ISI.
ARIKO, UMLUSI UMWE
KIZOGARUKANWAHO, REKA
IVYO TUBIREKA ARIKO.



ITANGURIRO 3:17-24, EZEKIYERI 18:4

ADAMU NA EVA BAGIRA
ABANA BENSHI. MU NYUMA
ABAHUNGU N'ABAKOBWA
BABO BARARONGORANA NABO
BAVYARA ABANDI BANA.




IGIHE UMUNTU YAREMWA MU MISI
YA MBERE, ABO MU MURYANGO
UMWE BATWARANYE NTA KIBAZO
CO MU BWENGE, CANKE MU MUTWE
KU MWANA AVUTSE CABA. ARIKO
UKO IMISI YAGIYE IREGERA IMBERE,
BITANGURA GUTERA IBIBAZO, IMANA
ICA ITEGEKA KO ABO MU MURYANGO
UMWE BOREKA GUTWARANA.

UMUHUNGU WA MBERE WA ADAMU
NA EVA KAYINI YARI UMURIMYI
W'IMBOGA N'IVYAMWA. UWA
KABIRI ABERI YARI UMWOROZI.
MBEGA MURI ABO BABIRI
TUZOHASANGA UW'ISEZERANO
RYO GUSANGANGURA SATANI?




KAYINI NA ABERI BARI BAZI
IVYEREKEYE IMANA N'IVYABAYE
MW'ITONGO. ARIKO ICO GIHE,
IMANA NTIYARI IKIZA KUGANIRIZA
UMUNTU. ADAMU N'ABAMUKOMOKAKO
BARI BARATANDUKANYE N'IMANA
KUBERA KUTUMVIRA. UBUZIMA
BWARI BUGOYE ATA MANA.



OH, MANA
ND'UMUVYAHA.
NDISHE IYI NTAMA,
NDAYIGLUSHIKANIYE MU
KIBANZA C'URUPFU
RWANJE.

UMUSI UMWE RERO, BA BAHUNGU
BAFATA INGINGO YO GUHIMBAZA
IMANA. SE WABO YARI YARABABWIYE
IBIJANYE N'UKUNTU IMANA
YISHE IBIKOKO MW'ITONGO.
KUBWO KWIZERA, ABERI YICA
IGIKOKO, AGISHIKANIRA IMANA.



KAYINI ATANGA IVYIMBURWA
VYA MBERE MUVYO YIMBLIYE
ARIKO NTIVYARI IBIMAZI
VY'AMARASO. KAYINI
NTIYATAHUYE KO ICAHA
CIWE CABABAJE IMANA.

MANA
NYAKIRIRA IRI
SHIKANWA RY'IVYA
MBERE NIMBLIYE.

MBEGA UMWE MURI ABA
BAHUNGU AZOHAVA ABA
UMUCUNGUZI YASEZERANYWE?

ITANGURIRO 4:1-4, ABAROMA
3:23, ABAHEBURAYO 11:4

OYA, KAYINI!



IMANA ICA YANKA ISHIKANWA RYA
KAYINI KUKO ATA MARASO RYARIMWO.

IMANA INEZERERERWA ABERI
N'ISHIKANWA RYIWA. IBONYE
UGUSESEKA KW'AMARASO
KW'UMWAGAZI, ICA ISHIRA
KURE IVYAHA VYA ABERI.



IMANA IBWIRA KAYINI ITI,
NIWAKORA IVYO UTEGEREZWA URAZA
KUMPIMBARA. HAMA URAZA GUSUBIRA
UGANZE MWENEWANYU ABERI.

WIBAZA
KO URI IKI?
IVYAMWA N'IMBOGA
VYANJE BIRARUTA
UMWAGAZI? N'IBIKI
VYIHARIJE?

MWENEWACU,
HARACARIHO
UMWANYA
WO GLUTANGA
IKIMAZI
C'AMARASO.






VYOSE
NAVYUMVISE
NDAZI ICO
NGIYE
GLUKORA.

WAAAA!

ITANGLURIRO 4: 5-8

ABERI ARAPFA, HAMA KAYINI
AGERAGEZA KUNYEGEZA ICAHA
YAKOZE C'UBWICANYI.



ARIKO KAYINI NTIVYASHOBOKA
KO ANYEGEZA ICAHA YAKOZE
IMANA. IMANA IRABONA
KANDI IZI VYOSE.

**KAYINI,
MWENE
WANYU ABERI
ARI HEHE?**

NOBIMENYA
GUTE? NI JEWE
NDAMUJEJWE?

**AMARASO YA
MWENEWANYU
ARACARI HASI KANDI
ARIKO ARAMBWIRA
IBIJANYE N'IKIBI
WAKOZE.**

IMANA IRAZI VYOSE KANDI IBONA
UMUNTU WESE UMWANYA WOSE.
NTACO WOYINYEGEZA. YARABONYE
IVYO KAYINI YAGIRIYE ABERI. IMANA
ICA IVUMA KAYINI ACA AHUNGIRA
MU BUGARARWA N'UMUGORE.
UKWAGIRIZWA KWIWE GUCA GUTUMA
ABABARA GOSE ABAHO UBUZIMA BUBI.



KAYINI NTIYABA UWASEZERANYWE
NGO ACUNGURE ABANTU TUBONA
NAWE NGAHA AKENEYE UKUBOHOKA.

MBEGA IVYEREKEYE
LWUZOCUNGURA ABANTU BIRI GUTE
KU MANA? ADAMU NA EVA BARONKA
LWUNDI MUHUNGU BAMWITA SETI.
ABANDI BAHUNGU N'ABAKOBWA
BENSHI BAVUKA KURI WE.



IMANA YAMPAYE
LWUNDI MUHUNGU
ASUBIRIRA LIWO
KAYINI YISHE.

ITANGURIRO 4:9-16, 5:4,
IVYAKOZWE N'INTUMWA 17:24-26


SETI AVYARA UMUHUNGU. LIWO MUHUNGU
NAWE ARAVYARA ABANDI. ARIKO NAHO
VYARI UKO, NTA NUMWE YASHOBOYE
GUKURAHU UMUVUMU W'ICHAHA N'URUPFU.
VLUBA CANE, ISI YUZURA ABANTU, IBISAGARA
VYINSHI, ABARIMYI N'ABOROZI.



UKO URLINGANWE
RWABISA
URUNDI, ABANTU
BARARWIRA, N'ICHA
KIRARWIRA. IVYAHA
VY'UBUSAMBANYI
N'UBWICANYI BIBA
VYINSHI. IVYIYUMVIRO
VY'ABANTU VYUZURA
IVYAHA. NTA N'UMWE
YABA ABAYEHO
AGOROROKA. ADAMU
YAKOZE ICAHA KIMWE
NONE ABANTU
BAKOZE VYINSHI.



IMANA IRAVUGA ITI. "NDICUZA
KUBONA NARAREMYE UMUNTU
NKAMUSHIRA MW'ISI."
NZOKURAHU NONGERE NICE
IKINTU COSE GIFISE UBUZIMA
KIRI MW'ISI. SATANI WE
YANKA UBWAMI BW'IMANA
AZOHIMBARWA ABONYE IMANA
YISHE VYOSE NA BOSE.



URLUNGANWE INCIURO
ICENDA RURARENGANA
HAHERA (IMYAKA 1400),
ISI YUZURA ICAHA.

ABANTU BAFATA
NABI BAGENZI BABO
BABAGIRA INYAGANO.

MBEGA IMANA IZOHAVA
IRONKA UMURYANGO
UYIKUNDA UKONGERA
UKAYUMVIRA?

ITANGLURIRO 6:5-7, ABAROMA 5:12

UGERERANIJE NK'IMYAKA
2500 IMBERE YA KRISTO



ARIKO HARIHO
UMUNTU
UMWE YAKORA
IBIGOROROTSE.
NAHO IMANA
YATEGEKANYA
KWICA ABANTU
BOSE, I GIRIRA
UBUNTU UYO MUNTU
N'UMURYANGO
WIWE NTIYABICA.



**NOWA, NGIYE
KURLINGIKA
UMWUZURE
W'AMAZI
KW'ISI YOSE.
IGIHUMEKA COSE
KIZOPFA. WEWE
RERO KUGIRA
WIKINGIRE,
UKINGIRE
UMURYANGO
WAVE, IBIKOKO
N'IBINDI UGIYE
KWUBAKA
UBWATO.**




**UZE WINJIRANE
IBIKOKO VYOSE KIMWE
KIMWE IKIGABO N'IKIGORE.
NZOKUBWIRA NONGERA
NKWEREKE UKO UZUBAKA
LIBWATO N'IVYO UZOGIRA
KUGIRA WITEGURIRE
UMWUZURE.**

MBEGA NOWA NIWE W'ISEZERANO
AZOSANGANGURA IBIKORWA
VYA SATANI? AZUBAHA IMANA
CANKE Nawe AZONANIRWA?



IMANA IBWIRA NOWA LIKO
UBWATO BUTEGEREZWA
KUNGANA KUGIRA BWAKIRA
IBIKOKO VYOSE VYO MW'ISI
N'UKUNTU BIZOFUNGURA.

ITANGURIRO 6:8-9, 17-22, 7:2



NDABABWIYE
KANDI. IMANA IGIYE
KURIMBURISHA IYI SI
UMWUZURE. NIMUZE
MUMFASHE TWUBAKANE
LIBWATO.

BIBABAZA NOWA
KWUMVA KO BOSE
UMUSI UMWE BAZICWA
N'UMUZURE. UKO
ARONSE AKARYO,
AKAZA ARABABURIRA
ABABWIRA NGO BAVE
MU BUZIMA BW'IVYAHA.



NI
GUTE IMANA
Y'URUKUNDO
YORIMBURA
ABANA BAYO?


KUBERA ICAHA.
MUTEGEREZWA
GUHAGARIKA ICAHA HAMA
MUFATE BAGENZI BANYU
MU RUKUNDO NO MU
BUTUNGANE.

**WA MUSAZA
W'UMUSAZI!**

HAHEZE IMYAKA 120, UBWATO
BUHEZE, IMANA IRONGORA IBIKOKO
VYOSE BIZA BIGANA UBWATO BWA
NOWA BIVUYE MW'ISI YOSE.

RABA, NGIBI
IBINDI BIRAJE.
BIRIZANA VYONYENE
UKAMENGA
N'UMUNTU
YABIHAMAGAYE.





**BIMWE
BIRATANGAJE.
SINARI NZI KO
IBIKOKO NK'IBI
BIBAHO. MBEGA
WOBA WIBAZA KO
HARI ICO NOWA
YOBA YARAVUZE
KUBIJANYE
N'IMANA
IRUNGIKA
UMWUZURE?**

**BIRAGOYE.
MBEGA IVY'AMAZI
YUZURA ISI YOSE
BIZOGENDA GUTE?**


ITANGURIRO 7:7-9, 2 PETERO 2:5



NTA KINDI
KIBANZA
GISIGAYE.

IKI N'ICA
NYUMA
MURI
VYO.

**NOWA,
HARAGEZE INJIRA
MU BWATO N'IBIKOKO
VYawe N'UMURYANGO.
UMWANYA URIKO
URATHERANA ABANSE
GUHAGARIKA GUKORA
IVYAHA.**



IMANA IRUGARA
URUGI, HAMA
HAHERA IMISI
INDWI ATA
KINTU NA
KIMWE KIBA.

HA, HA!
RABA BA BASAZI,
KWIYUGARANA MU
BWATO BUNGANA
GURTYO N'IBIKOKO
AHANTU HUMYE
ATA N'AMAZI
ARIHO.


EGOO,
NDIBAZA KO
INTARE ZATANGUYE
KURYA BIMWE
BIMWE LIBU.

BARAMAZEYO
INDWI YOSE!

KU MUSI UGIRA INDWI, IMVURA
ITANGURA KURWA AMAZI YO MUSI
AJA HEJURU Y'ISI ARUZURA ISI.

IBINTU NK'IBI
SINARI BWABIBONE.
URIBAZA KO BA BASAZI BO
MU BWATO BOBA BAVUZE
UKURI KUBIJANYE N'IMANA
IGIYE KWICA ABANTU
BOSE IBAHORA
IVYAHA VYABO?





REKA
SHA! IMANA
NI RUKUNDO.
GUTE UMUNTU
UMWE YOVUGA
UKURI ABANDI
BARONGOZI BACU
DUSENGA HAMWE
BAKIHENDA?

IMVURA NKIYI NTIYARI BWARWE.
HAHORA HAMA HASA NEZA.
NTAWARI BWABONE IMVURA
NKIYI, ABANTU BENSHI BIBAJIJE
KO NOWA YASAZE ARIKO IKIRIKO
KIRABONEKA BURYA NOWA YIZEYE
IMANA, YIZERA N'IVYO YAVUZE.



IYO
NIZERA IVYO NOWA
YAVUZE, NABAYE
IKIJUJU!

MANA,
NKIRIZA
UMWANA
WANJE!

ITANGURIRO 7:9-12, 16



HASIGAYE NK'IMYAKA
2348 IMBERE YA KRISTO

ABANTU BATANGURA
KUBONA KO NOWA YAVUGA
UKURI ARIKO NTACO BARI
GUHINDURA BARI BACEREWE.

IMVURA IRWA IMISI MIRONGO
INE N'AMAJORO MIRONGO INE,
AMAZI YUZURA ISI N'IMISOZI YOSE.
IBIHUMEKA VYOSE BIRAPFA URETSE
IVYARI MU BWATO NA NOWA.
BIBAFATA UWUNDI MWAKA KUGIRA
BASOHOKE BAVE MU BWATO.

ITANGURIRO 7:12,
19-23, 8:9-12



NZONEZERWA
AMAZI YOSE
NIYAHERA HAMA
TUKABONA KLIVA
MURI LIBU
BWATO.

MU NYUMA, NOWA ARUNGIKA INUMA ICA IGARUKA
IFISE ISHAMI MU KANWA BISIGURA KO HARI AHANTU
KW'ISI IGITI KIMAZE KUMERA. NOWA ASUBIRA
KUYIRUNGIKA HAMA NTIYAGARUKA VYEREKANA
KO YARI YARONSE AHANTU HEZA HO KUBA.

HAHERA IGIHE, UBWATO
BURAHAGARARA NEZA KU
MUSOZI WITWA ARARA.
VYOSE BIRASOHOKA MW'ISI
NSHASHA, ISI ITAGIRA ICAHA.



NOWA YUBAKA IGICANIRO ASHIRAKO
IBIMAZI. NOWA NAHO YAGERAGEZA
GUTUNGANA HARI HAKIRIHO
IVYAHA MU MUTIMA WIWE. IVYO
BIMAZI VYARI IVYA NOWA HAMWE
N'UMURYANGO WIWE KUBW'IVYAHA.



IVYO BIKOKO VYARASERUKIRA
KANDI BIKONGERA BIGASUBIRIRA
UBUNTU BW'IMANA. BISA NKA BIRYA
IMANA YAKOZE MW'ITONGO IGIHE
YICA IBIKOKO KUGIRA IKUREMWO
IMPUZU ZA ADAMU NA EVA.

**NZOGUHA
UMUNYWAMAZI MU
KIRERE NK'IKIMENYETSO
KO NTAZOSUBIRA KWICA
ABANTU NKORESHEJE AMAZI.
LITEGEREZA KUVYARA ABANA
BENSHI KUGIRA BUZURE
ISI, MUYUZURE MWEBWE
N'URLUVYARO.**



**NZOTERA IBIKOKO
KWUKUBAHA. URASHOBORA
KURYA IBIKOKO BIZIMA
BIGENDAGENDA MW'ISI NKA
KURYA URYA IMBOGA ARIKO
NTUZE WICE, NTUZOSESE
AMARASO.**



**UMUNTU WESE
YAGIRIZWA KWICA NAWA
ACA YICWA N'ABANDI.
USHESHE AMARASO YA MUGENZI
WAWA NAWA AYAWA ACA ASESWA
KUBW'IKIBI LIBA WAKOZE KUKO
LIBUZIMA BURI MU MARASO.**



NOWA ABA UMURIMYI ARIMA
INZABIBU. ISI NSHASHA NTA
BANTU BENSHI BARIMWO,
GUSA IMIRYANGO INE, ARIKO
BUHORO BУHORO ABAHUNGU
BIWE BAVYARA ABANDI.




ITANGLIRO 8:4, 20, 9:1-29

NOWA ABONA KO ASHIZE IVYAMWA MU KINTU BIKAMARA IGIHE NK'INDWI BICA BIBA INZOGA IBOREZA. NOWA IGIHE KIMWE ARANYWA IYO NZOGA IBOREZA GUSHIKA AHO VYANKA KO AKORA. AGENDA ARWA HASI ATA UBWENGE BITUMA AKORA IBINTU BIDAHIMBARA IMANA.



UMUSI UMWE
NOWA ARANYWA
CANE KUBURYO
ASIGARA ARI GUSA.
UMUHUNGU WIWE
HAMU ARAMURABA
BIRAMUTWENZA, ACA
AJA KUBIBWIRA ABO
BAVUKANA ABITWENGA
KUGIRA NABO BAZE
BARABE SE.



NOWA
AVYUTSE,
ABAHUNGU
BIWE
BAMUBWIRA
IVYO HAMU
YAGIZE.

UMUHUNGU
WAVE KANA
N'ABAMUKOMOKAKO
BAZOKORERA
ABAKOMOKA KLIRI
MWENEWANYU
SHEMU.



HAHEZE IMYAKA
UBUVUGISHWA
BWAMBARA UMUBIRI.
ABANYAKANANI
BABA I PALESTINA
HAMA BARUHUKIRA
GUKORERA ABAYUDA.

ITANGURIRO 9:21-27, 1 INGOMA 4:40,
ZABURI 78:51, 105:23, 27, 106:22

SETI



KAYINI




ABERI

ADAMU
NA EVA

IMANA YICA
ABANTU
BOSE URETSE
BARYA BANTU
UMUNANI.



NOWA
N'UMURYANGO
WIWE BAGIRIRWA
UBUNTU MU
NYONGA
Z'IMANA.



MBERE, YAFETI AGENDA MU
BURARUKO NO MU BURENGERO KUGIRA
AHABE YONGERE ARWIRIREYO. SHEMU
ACA AJA MU BUSERUKO ACA YIBERA I
AZIYA. HAMU ACA AJA MU BUMANUKO
ACA AJA YEGERA AZIYA. ABAKOMOKA
KURI KANA BACA BAJA AHO UBU
TWITA PALESTINA. ISI YUZURA UKO.

UGERERANIJE NK'IMYAKA
2247 IMBERE YA KRISTO

HAMU UMUHUNGU WA NOWA YARI
AFISE UMUHUNGU YITWA KUSHI.
UWO NAWA AGIRA UMUHUNGU
AMWITA NIMIRODI. NIMIRODI AKURA
ARI UMUHIGI ARAMENYEKANA
CANE MW'ISI. YANKA KWUMVIRA
IMANA ACA ATANGUZA IDINI RYIWE
AHANTU HITWA I BABIRONI.



ABANTU B'I BABIRONI NTIBARI BASHAKA GUKWIRA
MW'ISI YOSE NGO BAYIBEMWO NKUKO IMANA
YABITEGETSE, BACA AHUBWO BAJA HAMWE BUBAKA
UMUNARA MUNINI ABA ARIWE BAHIMBARIZAMWO.





ARIKO NTIYARI UMUREMYI
WABO BAHIMBAZA. SATANI
YACIYE ABAFASHA BIREMERA
IBIGIGWAMANA VYABO
MU MBAHO, MU MABUYE,
NO MU NZAHABU.

IMANA ISHAVUZWA N'UKUNTU
BANSE GUKWIRAGIRA HOSE
BUZURE ISI ICA IBATERA KUVUGA
INDIMI ZITANDUKANYE.




ይህ ደህን ገንዘብ
እንደሚሰጠው ይታወቅ
ከሁሉም ጋር

መሆኑን ለማረጋገጥ
የሚያስፈልገውን ጥረት
ይደረግ

NTIBASHOBORA GUTAHURANA
BARI MU BIKORWA GURTYO
IBIKORWA BIHAGARARA UKO.



UMURWI WOSE N'URLURIMI RWAWO
LIJA UKWAWO. BAMWE BAJA HAFI,
ABANDI BAJA KURE, MU MAZINGA,
MU BUGARARWA, ABANDI BAFATA
UBWATO, AHASHUSHE, AHAKANYE,
HAMA GURTYO NABO NYENE NAHO
BARI BANSE BUZURA ISI NKUKO
IMANA YARI YABIGOMVYE.



ISI YUZURA ABANTU,
N'ICHA CUZURA ISI
KIRARWIRA NKUKO
ABANTU BARWIRIYE.
ABANTU BUNAMIRA
IBIGIRWAMANA BIBAGIRA
IMANA NZIMA.

ITANGURIRO 10:6-10, 11:1-9



<https://goodandevilbook.com/>